



3/10/2020

Aktyalyzasyon Kowonavirus (Covid-19)

Liy Dirèk Depatman Sante Florid (24èdtan/7jou): 1-866-779-6121

Si ou gen sentòm tankou lafyèv, tous, oswa souf kout, anvan ou ale ka doktè, Rele Depatman Sante Manatee nan 941-242-6649 (8è – 5è L-V).

Plan Aktyèl Nou An



Distri Lekol Manatee ap travay ak Depatman Sante Konte Manatee ak Jesyon Ijans konsènan tout desizyon ki gen rapò ak Kowonavirus (COVID19). Distri Lekòl la kominike souvan avèk paran yo ak anplwaye yo sou sit entènèt nou an nan <https://www.manateeschools.net/coronavirus>, ak Connect-Ed apèl elektwonik ak imèl, sit media sosyal ak app mobil -MySDMC.

Si ou oswa pitit ou santi ou malad tanpri rete lakay ou



Chirijyen Jeneral Eta Florid Scott Rivkees konseye ke nenpòt moun ki kwè ke yo te ekspozè ak COVID-19 a dwe rete lakay yo e kontakte Depatman Sante nan 941-242-6649 ant 8 è – 5 è Lendi a vandredi.

Avètisman CDC sou Vwayaj pou ale ak pou soti nan Peyi Gwo Risk Yo



Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) rekòmande evite tout vwayaj ki pa nesèsè nan peyi sa yo: **Itali, Lachin, Kore di Sid, Iran** epi yo rekòmande granmoun ki aje yo ak moun ki gen knodisyon medikal kwonik pou konsidere ranvwaye vwayaj ki pa nesèsè nan peyi **Japon**. Si ou te vwayaje nan youn nan peyi ki gen gwo risk sa yo nan mwa dènye a oswa ou te gen kontak ak yon moun ki te vwayaje nan youn nan peyi ki gen gwo risk yo epi ki gen sentòm ki asosye avèk COVID-19, tanpri kontakte Depatman Sante Manatee nan 941-242-6649.

Enskripsyon pou Nouvo Elèv Ki soti nan Zòn Gwo Risk yo



Nenpòt nouvo fanmi ki rive nan Konte Lekòl Manatee ki soti nan piyi ki gen gwo risk yo oswa nan zòn Etazini ki gen yon gwo konsantrasyon epidemi nou mande pou telefòn Biwo pou Plasman Elèv yo pou enstriksyon anvan enskripsyon an. Ofisyèl Distri yo ap travay avèk ofisyèl sante kominoté yo pou detèmine enskripsyon ki apwopriye ak plan prezans pou elèv sa yo. Fanmi ki soti nan peyi oswa nan zòn Etazini gen gwo risk yo mande yo pou yo **pa vizite lekòl yo oswa biwo distri lekòl yo**, min yo ka kominike avèk distri a nan telefòn. Tanpri rele Biwo Plasman elèv yo nan 941-708-4971 ekstansyon 42000 si wap enskri yon nouvo elèv ki soti nan yon peyi oswa nan yon zòn ki gen anpil risk.

Pratike Bon Ijyèn



Tanpri kontinye swiv pi bon pwosedi pou ede anpeche pwopagasyon viris tankou; kouvri bouch ou lè wap touse oswa etènye; lave men ou avèk savon ak dlo oswa ajan netwayan ki gen baz alkòl; evite manyen je ou, nen ak bouch ou lè sa posib epi rete lwen moun ki malad..

Vwayaj Pandan Vakans Prentan Mas 16 – 19 Pou Elèv/Anplwaye/Fanmi



Tanpri swiv rekòmasyon CDC yo pou pa vwayaje nan peyi ki gen gwo risk epi si wap planifye pou fè sa, tanpri kontakte lekòl ou a oswa sipèvizè ou imedyatman.

Tanpri pran tout prekosyon ki nesèsè si ou gen plan pou vwayaje nan yon zòn Etazini ki gen yon gwo knosantrasyon epidemi an.

Tanpri pran tout prekosyon nenesè si ou planifye pou vizite yon Pak atraksyon pandan vakans Prentan an.

Sonje si ou santi ou malad lè ou tounen nan vakans prentan tanpri rete lakay ou epi rele Depatman Sante Manatee nan 941-242-6649.

Nenpòt vwayaj ke lekòl yo oswa distri a te planifye nan yon kote ki gen gwo risk yo ap anile. Distri a ap fè posib pou travay ak fanmi yo pou ranbouse yo si a posib.

Vwayaj aktyèl ke lekòl ak Distri a planifye ki pa nan eta Florid la Ki pa ranbousab pou elèv yo ak anplwaye yo ka toujou fèt si si vwayaj sa se nan yon zòn ki pa sou lis CDC a. Administrasyon Distri a ap revise chak vwayaj so yon baz ka-pa-ka. Si yon anplwaye oswa yon elèv pa konfòtab vwayaje, nap eskize endividyèl sa yo nan evenman e nap fè tout efò pou elèv la ak anplwaye a pa geyen sanksyon finansye paske li pa patisipe. Pap genyen okenn konsekans akademik pou moun ki pa patisipe.

Administrasyon distri a ap revise vwayaj ki deja planifye pou lekòl yo ak distri a ki ranbousab pou detèmine si vwayaj la akseptab.

Jiskaske genyen yon lòt avi, nouvo vwayaj nan lot peyi ak lòt eta ki egzije vwayaje pa avyon pap apwouve – eksepte pou sityasyon ijans oswa vwayaj kritikal misyon pou anplwaye.

Distri a ap kontinye avek prekosyon knosènan vwayaj nan eta Florid la. Tout vwayaj nan eta Florid la dwe apwouve pa administrasyon distri a. Nap konsidere ap anpil atansyon sou yon baz endividyèl pwomnad ki mande pou vwayaje pa avyon, evènman kap fèt nan espas fèmen, oswa evènman kap genyen 1,000 oswa plis patisipan.

Pwomnad

Nan Konte a: Pa gen okenn restriksyon pou pwomnad nan konte a. Distri a ap kontinye travay al Depatman Sante Manatee epi kontwole nenpòt pwoblèm potansyèl nan kominote local nou an.

Evènman Atletik

Aktyèlman nap travay ak Asosyasyon Athletic Lekol Segondè Florid (FHSAA) konsènan evènman atletik rejyonal ak nan eta a epi yo pral bay lekòl yo gid lè yo resevwa enfòmasyon sa yo.

Gwo Netwayaj nan Lekòl yo pandan Vakans Prentan



Distri a ap nanfòse mezi netwayaj ak dezenfektaj nan lekòl kounye a epi panda Vakans Prentan, pou bay plis aksè ak sèvyèt dezenfektant ak dezenfektan pou men ak baz alkòl. Mete savon ak sèvyèt papyè nan twalèt yo ak kwizin yo chak jou. Chak jou nap dezenfekte tout zòn komen moun manyen yo tankou machin fotcopi, manch pòt, switch limyè, tiyo ak sous dlo yo. Anplis de sa, nap netwaye dezenfekte lako rekreyasyon an ak sifas moun manyen yo deyò a.